

# Otorizasyon pou Bay Enfòmasyon/ Nòt sou Lwa Konsènan Vi Prive

Pou Depatman Lojman ak Devlopman Iben Lèzetazini (HUD)  
avèk Ajans/Otorite Lojman (HA)

Depatman Lojman  
ak Devlopman Iben Lèzetazini  
Biwo Lojman Piblik e Endyen

PHA k ap mande enfòmasyon yo; (fè yon kwa sou  
genyen okenn PHA).  
(Adrès konplè, non moun pou yo kontakte a, ak dat)

IHA k ap mande enfòmasyon an: (fè yon kwa sou espas sa a si pa  
espas sa a si pa genyen okenn IHA)  
(Adrès konplè, non moun pou yo kontakte a, ak dat)

**Otorite:** Seksyon 904 Amandman Lwa Stewart B. McKinney ane 1988 sou Asistans pou Moun San Kay, dapre chanjman Seksyon 903 Lwa 1992 sou Lojman ak Devlopman Kominotè a e Seksyon 3003 Lwa 1993 sou Rekonsilyasyon Bidjè Omnibus la pote ladan n. Moun ka jwenn lwa sa a nan 42 U.S.C. 3544.

Lwa sa a mande pou ou siyen yon fòm sou konsantman ki otorize: (1) HUD ak Ajans/Otorite Lojman (HA) pou yo mande verifikasyon salè ou oubyen apwentman ou nan men patwon ou –prezan ou pase; (2) HUD ak HA a pou yo mande enfòmasyon sou demand ou fè pou ou resevwa konpansasyon poutèt ou nan chomaj (yo va mande enfòmasyon sa yo nan men ajans Eta ki responsab pou konsève enfòmasyon konsa); (3) HUD pou li mande enfòmasyon sou kèk lajan taks yo te voye tounen ba ou (HUD va mande enfòmasyon sa yo nan men Administrasyon Sekirite Sosyal la ak Sèvis Revni Entèn Lèzetazini an –IRS). Lwa a mande tou verifikasyon endepandan enfòmasyon ou bay sou lajan w ap fè. Kidonk, HUD ak HA a gen dwa mande enfòmasyon nan men enstitisyon finansye yo pou verifye si ou elijib pou resevwa benefis e ki kantite benefis sa dwe ye.

**Objektif:** Lè ou siyen fòm sou konsantman sa a, ou otorize HUD avèk HA nou site pi wo a pou yo mande enfòmasyon sou lajan w ap fè nan men sous ou wè sou lis ki sou fòm nan. HUD ak HA a bezwen enfòmasyon sa yo pou yo verifye ki lajan k ap antre nan kay ou, dekwa pou yo kapab gen asirans ou elijib pou w resevwa benefis asistans lojman epi fikse benefis sa yo nan nivo ki kòrèk la. Avèk sous sa yo, HUD avèk HA a gen dwa patisipe nan pwogram konpitè ki konpare salè, dekwa pou yo kapab verifye si ou elijib pou resevwa benefis e ki kantite benefis sa dwe ye.

**Itilizasyon Enfòmasyon Responsab yo ap Resevwa yo.** HUD gen obligasyon pou l pwoteje enfòmasyon sou salè li resevwa yo, dapre Lwa 1974 sou Vi Prive a, 5 U.S.C. 552a. HUD gen dwa devwale enfòmasyon pou kèk rezon woutin (eksepte enfòmasyon sou taks): pa egzanp, li ka devwale enfòmasyon yo bay lòt ajans gouvènmanal pou rezon ki gen rapò ak lajistis, bay ajans federal yo pou yo konnen si ou elijib pou yon travay kèlkonk, ak HA yo pou yo kapab konnen si ou ka resevwa asistans lojman. HA a gen obligasyon tou pou l pwoteje enfòmasyon sou salè li resevwa yo dapre nenpòt ki lwa Eta a sou Vi Prive. Anplwaye HUD ak HA yo kapab sibi pinisyon si yo devwale san otorizasyon enfòmasyon sou salè moun bay nan fòm sou konsantman an, ou si yo itilize enfòmasyon sa yo yon fason ki pa apwopriye. **Pwopriyete prive yo pa gen dwa mande ni resevwa enfòmasyon ke fòm sa a otorize.**

**Kilès ki Dwe Siyen Fòm sou Konsantman an.** Chak manm fwaye ou ki genyen 18 tan ou plis, dwe siyen fòm sou konsantman an. Nouvo manm majè ki vin viv nan fwaye a dwe ajoute siyati yo tou, e se menm bagay la nenpòt lè yon manm fwaye a vin gen 18 tan.

Tout moun ki aplike pou asistans –ou ki resevwa asistans—nan kad pwogram nou pral site la yo, gen obligasyon pou yo siyen fòm sou konsantman sa a:

PHA-owned rental public housing  
Turnkey III Homeownership Opportunities  
Mutual Help Homeownership Opportunity  
Section 23 and 19 ( c ) lease housing  
Section 23 Housing Assistance Payments  
HA-owned rental Indian housing  
Section 8 Rental Certificate  
Section 8 Rental Voucher  
Section 8 Moderate Rehabilitation

**Si yon Moun pa Siyen Fòm sou Konsantman an :** Si ou pa siyen fòm sou konsantman an, sa kapab lakoz responsab yo deklare ou pa elijib oubyen yo ka mete fen nan benefis ou t ap resevwa pou asistans lojman, oubyen tou yo ka pran tou le 2 desizyon sa yo. Si yo deklare yon moun pa elijib oubyen si yo mete fen nan benefis yon moun, gen règleman ki prevwa rekou pou moun nan chache regle sa: se pwosede HA sou plent yon moun kapab pote, ak pwosede Seksyon 8 la sou seyans enfòmèl.

### Sous Enfòmasyon Responsab yo Bezwen.

Ajans Eta sou Rasanbleman Enfòmasyon sou Salè. (Konsantman sa a konsènen sèlman salè ak lajan chomaj mwen te resevwa nan peryòd 5 dènye ane yo, kote m te resevwa benefis asistans lojman.)

Administrasyon Sekirite Sosyal Lèzetazini (HUD sèlman). (Konsantman sa a konsènen sèlman enfòmasyon sou salè ak oto-anplwa, epi lajan pèman retrèt, jan nou wè sa nan Seksyon 6103(I)(7)(A) Kod Revni Entèn nan.)

Sèvis Revni Entèn Lèzetazini an (HUD sèlman). (Konsantman sa a konsènen sèlman lajan moun nan resevwa san l pa travay pou li (sa vle di enterè ak dividand.))

Yo ka resevwa enfòmasyon tou dirèkteman nan men: (a) patwon prezan e pase konsènan salè ak apwentman, epi (b) enstitisyon finansye yo konsènan lajan moun fè san yo pa travay pou li

(sètadi enterè, ak dividand.) Mwen byen konprann ke enfòmasyon ki sòti nan sous sa yo pral sèvi pou verifeye enfòmasyon mwen bay, pou yo kapab konnen si mwen elijib pou m patisipe nan pwogram asistans lojman an e pou yo tabli valè benefis mwen ka resevwa. Kidonk, fòm sou konsantman sa a otorize sèlman patwon m yo ak enstitisyon finansye yo devwale

dirèkteman enfòmasyon ki konsènen nenpòt ki peryòd pandan 5 dènye ane yo, kote m te resevwa benefis asistans lojman.

**Konsantman: Mwen dakò pou m bay HUD ak HA a pèmasyon pou yo mande e resevwa enfòmasyon nan sous ki sou lis sou fòm sa a dekwa pou yo kapab verifeye si mwen elijib pou benefisyè pwogram asistans lojman HUD la e ki valè benefis mwen ka jwenn. Mwen konprann ke HA ki resevwa enfòmasyon sou salè mwen nan kad konsantman sa a, pa kapab itilize yo pou yo ba m refi, diminye oubyen elimine asistans la san yo pa chache verifeye dabò, yon fason endepandan, ki valè sòm-lajan an te ye, si wi ou non mwen te kapab jwenn kòb la an reyalyte, e kilè mwen te resevwa lajan an. An plis de sa, mwen dwe gen yon chans pou m konteste desizyon sa yo.**

Fòm sou konsantman sa a p ap valab ankò 15 mwa aprè mwen fin siyen li.

Siyati:

Chèf kay la	Dat		
No. Sekirite Sosyal Mèt kay la (si li genyen)		Lèt manm fanmi an ki gen plis ke 18 tan	Dat
Mari/Madanm	Dat	Lèt manm fanmi an ki gen plis ke 18 tan	Dat
Lèt manm fanmi an ki gen plis ke 18 tan	Dat	Lèt manm fanmi an ki gen plis ke 18 tan	Dat
Lèt manm fanmi an ki gen plis ke 18 tan	Dat	Lèt manm fanmi an ki gen plis ke 18 tan	Dat

**Nòt sou Lwa sou Vi Prive a.** Otorite: Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) gen otorizasyon pou l rasanble enfòmasyon sa yo dapre Lwa Ameriken 1937 sou Lojman an (42 U.S.C. 143 ak suivan yo), Tit VI Lwa 1964 sou Dwa Sivik la (42 U.S.C. 2000d), avèk Lwa Sou Jistis nan Lojman (42 U.S.C. 3601-19). Lwa 1987 sou Lojman ak Devlopman Kominotè a (42 U.S.C. 3543) mande pou aplikan yo ak patisipan yo soumèt nimewo sekirite sosyal chak manm fwaye a (kay la) ki gen 6 zan ou plis. Objektif: HUD ap chache konnen salè ou ak lòt enfòmasyon sou ou pou l kapab konnen si ou elijib pou pwogram nan, ki lajè chanm a kouche ou bezwen, e ki valè lajan fanmi ou pral gen pou peye pou lwaye ak nesese kay la. Lòt itilizasyon: HUD itilize salè fanmi ou ak lòt enfòmasyon sou fanmi an pou l kapab patisipe nan jesyon ak siveyans pwogram kote HUD ede moun peye pou lojman yo, pwoteje enterè finansye Gouvènman an, e verifeye si enfòmasyon ou bay yo se enfòmasyon ki kòrèk. Responsab yo gen dwa pataje enfòmasyon sa yo avèk ajans Federal, Eta e lokal apwopriye yo --lè ajans sa yo gen dwa resevwa yo-- e pataje yo tou avèk anketè e avoka kap travay sou yon afè sivil, kriminel ou sou nenpòt vyolasyon lalwa. Sepandan, san bagay sa yo, moun p ap gen otorizasyon pou yo devwale ni pibliye enfòmasyon sa yo andeyò HUD, eksepte nan ka ke lalwa otorize ou egzijè. Pinisyon: Ou fèt pou bay tout enfòmasyon HA a mande yo, ladan yo genyen tout nimewo sekirite sosyal ke ou menm ak tout manm fwaye a ki genyen 6 zan ou plis genyen e itilize. Li obligatwa pou ou bay nimewo sekirite sosyal tout manm fwaye a ki genyen 6 zan ou plis; si ou pa bay nimewo sekirite sosyal yo, sa kapab gen move konsekans sou kalifikasyon ou. Si ou pa bay youn ou kèk nan enfòmasyon yo mande yo, sa kapab retade desizyon pou yo apwouve ou, oubyen sa kapab lakoz yo ba ou refi.

**Pinisyon si yon moun mal itilize konsantman sa a:**

HUD, HA a ak nenpòt ki pwopriyetè (oubyen nenpòt ki anplwaye HUD, HA a, ou anplwaye pwopriyetè a) kapab sibi pinisyon si yo devwale san otorizasyon ou itilize yon fason ki pa apwopriye enfòmasyon ki rasanble gras ak fòm sou konsantman sa a.

Itilizasyon enfòmasyon ki rasanble sou fòm HUD 9886 la limite sèlman pou objektif ki site sou fòm HUD 9886 la. Tout moun ki, an tout konsepsyon, ak tout volonte li e sou fo pretèks, mande, resevwa ou devwale nenpòt ki enfòmasyon konsènan yon aplikan ou yon patisipan, kapab komèt yon vyolasyon lalwa lejè e li kapab gen pou peye yon amand ki pa ka depase \$5 000 (senk mil dola).

Nenpòt ki aplikan ou patisipan ki sibi move konsekans yon neglijan ki lakoz enfòmasyon sou li sòti deyò, gen dwa lanse yon aksyon an jistis pou domaj e enterè, e egzijè reparasyon, dapre sa lalwa prevwa, nan men direktè ou anplwaye HUD, HA a, oubyen nan men pwopriyetè ou anplwaye pwopriyetè a ki lakoz piblikasyon san otorizasyon sa a, oubyen itilizasyon ki pa apwopriye sa a.

**Dokiman sa a se tradiksyon yon dokiman legal HUD pibliye. HUD mete tradiksyon sa a la dispozisyon ou kòm yon senp mwayen konvenab pou ede w konprann dwa w ak obligasyon w. Vèsyon dokiman sa a ki nan lang angle, se sèl dokiman ki ofisyèl, legal e ki gen valè. Dokiman tradui sa a se pa yon dokiman ofisyèl.**